Шынында да, ҳәр қандай гөззаллық, сулыўлық инсан тәрепинен дөретилетуғын болса, ол инсанды дүньяға келтириўши ҳәм тәрбиялаўшы ана екенлиги даўсыз! Демек, лирикалық қаҳарман өзи излеген ҳақыйқатлықты табады, дүньяда бәринен де ана сулыў деген жуўмақ жасайды, бул шайырдың аналарға берген баҳасы, аналарға арнаған гимни деп ойлаймыз.

Жуўмақластырып айтқанда, шайыр Ә.Тәжимуратов XX әсир қарақалпақ поэзиясында өз орнына, өз ҳаўазына ийе талант ийеси болып табылады.

**Пайдалылған әдебиятлар**

1. Оразымбетов Қ. Қосық теориясы. Тошкент. Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон Миллий кутубхонаси нашириёти. 2010.
2. Генжемуратов Б. Поэзия - бул илаҳий дүнья. «Әмиўдәрья», 1991, № 2, 122-124-бетлер.
3. Оралбаева Ү. Лирикалық қаҳарман образы.// «Қарақалпақ әдебияты», №11(135), 2013, ноябрь.

**РЕЗЮМЕ.** Бу мақолада мусиқа ва қўшиқчилик санъати ҳақида сўз боради.
**РЕЗЮМЕ.** В этои статье говориться о развитие музыки и песенного творчество.
**SUMMARY.** In this article is spoken about development music and songs.

## МУЗЫКА МӘДЕНИЯТЫ ҲӘМ КӨРКЕМ ӨНЕР ТАРИЙХЫНДА ФОРТЕПИАНО САЗ ӘСБАБЫНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

**М.Б.Насыров** – *үлкен оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлери:** қәлиплестириў, дөретиўшилик активлик, класс оқыўшылары, фортепиано пәни сабақлары.
**Ключевые слова:** формирование, творческая активность, школьники, уроки фортепиано.
**Key words:** formation, creative activity, older schoolchildren, piano lessons.

Дүнья музыка көркем өнери тараўы музыка арқалы өз-ара пикир алмасады, буған байланыслы журтымызда да ҳәўес қылса арзыйтуғын жумысларды көремиз. Бүгинги күнде келешегимиз жасларға миллий идеологиямыз руўхында тәрбиялаў ҳәм де көркем өнер ҳәм көркем дөретиўшилик арқалы жаслардың руўхый дүньясын қәлиплестириў зәрүрли ўазыйпалардан бири есапланып, жас әўладты ҳәр тәреплеме саў-саламат ҳәм бәркамал етип тәрбиялаў ушын искерлигимизди жаңа басқышқа көтериў кереклигин Өзбекстан Республикасы Президенти Ш. М. Мирзиёевтиң дерлик ҳәр бир сөзинде, ҳәр бир ушырасыўларында айтады. Жаслар руўхыяты, тәрбиясы, жетик қәниге таярлаў мәселеси зәрүрли болып есапланады, себеби руўхыятсыз унамлы жетискенликлерге ерисип болмайды. Тек ғана руўхый ҳәм билимлендириў дүньяға көз-қарасы беккем болған жаслар ғана келешекте күшли социал жәмийети жүзеге келеди. Ҳәр бир тараўда жоқары нәтийжелерге ерисиў, жаңа шыңларға жетисиў, Ўатанымыз гүллениўине мүнәсип үлес қосыў ҳәр биримиздиң муқаддес миннетимиз. Журтымыздың музыкалық турмысы, оның өткен замандағы даңқлы тарийхы ҳаққында сөз кеткенде "Устаз-Шәкирт" дәстүрлеринен еслеўимиз керек. Мине сондай қайырлы ислерди даўам еттириў мақсетинде билимлендириў тараўына, атап айтқанда, музыка көркем өнери тараўына жоқары итибар қаратылып атыр. Бәркамал әўладты тәрбиялаўда жаслардың дөретиўшилик қәбилетин өсириў, ғәрезсиз пикирлеў, илимий тәжирийбелерин раўажландырыў үлкен әҳмийетке ийе. Руўхый байлық дегенде әлбетте, илим, мәдeният, көркем өнер, әдебият, тарийхты түсинемиз.

Музыка мәдениятьы ҳәм көркем өнер тарийхында фортепиано саз әсбабының әхмийети ҳаққында сөз етсек. "Фортепиано" пәни барлық атқарыўшылық қәнигеликлери ушын улыўма кәсиплик пән есапланып, ол – "Музыка теориясы", "Гармония", "Сольфеджио", "Музыкалық дөретпелерди талықлаў" сыяқлы ҳәм тағы да басқа пәнлер менен өз-ара тығыз байланыслы. Усы атап өткен пәнлерди өзлестирген қәниге де атқарыўшылық көнликпелери жәнe де кең ҳәм

тереңирек билим алып, үйрениуге белгили бир дәрежеде әҳмийетке ийе.

Ҳәр бир оқыўшы оқыў процесинде түрли дәўирлерде жаратылған, ҳәр түрли жанр ҳәм усылларға тийисли болған фортепиано ушын музыкалық дөретпелер атқарыўы керек, усының менен бирге фортепиано техникасының барлық түрлерин өзлестириўи керек. Усының себебинен ҳәр бир семестрде аралық ҳәм де жуўмақлаўшы рейтинг қадағалаўы сынақлары ушын анық атқарыўшылық программассы көрсетиледи. Мәлим бир шығарманы терең үйрениў, сол жанр ҳәм усылда жаратылған басқаша дөретпелер менен танысып шығыўды да нәзерде тутады. Фортепиано саз әсбабын өзлестириў ушын оқыў сабақлықлары, методикалық қолланбалары, китаплардан, оқытыўдың алдыңғы ҳәм заманагөй усылларынан пайдаланыў, жаңа информацион-педагогикалық технологиялар, синтезаторлар, компьютер, интернеттен электрон материаллардан нәтийжели пайдаланыў, әмелде қолланыў зәрүр. Бунда шет ел алдыңғы педагогикалық технологиялар ҳәм нота әдебиятларынан өнимли пайдаланады. Бул саз әсбаптың дәслепки әўлады деп алатуғын болсақ клавикорд ҳәзирги фортепианоға уқсайды. XV әсирде Италияда клавесин, кейин спинет әсбаплары ойлап табылды.

“1709-жылы Флоренциялы уста Бартолемео Кристофори (Италия) фортепианоны ойлап тапты, оны грависембало сол пиано форте (нәзик ҳәм қопал даўыста атқарылатуғын клавишлы музыка әсбабы) деп аталған. Кейинирек музыка оқытыўшылары Кристофор, Готлиб, Шретер, (Германия), Жан Мариус, Себастян Эрар (Франция), Жон Брадвуд (Англия) фортепианоны раўажландырыўы менен шуғылланды”. [1. 293-294]

XVIII әсирде фортепиано сазы көпшиликке белгили бола баслады. В.А.Моцарт, Л.В.Бетховен, М.Клементи, Ф.Шопен, Р.Шуман, Ф.Лист сыяқлы композиторлар жеке соло ҳәм оркестр менен фортепиано ушын шығармалар жаза баслады. Фортепиано көп даўыслы болғаны ушын жәнe де көпшиликке белгили болып, бир ўақыттың өзинде нама ҳәм гармонияның түрли регистрлардан пайдаланып атқарыў имканиятын берди. Талантлы атқарыўшылар түрли көрик-таңлаў, фестиваллар шөлкемлестирип, фортепианоның айрықша имканиятларын көрсетти. Бул саз әсбап дөретилиўи жәҳән музыка тарийхында үлкен жаңалық болды. Солардан, 1855-жылы Нью-Йорк қаласындағы “Стейнвейн ҳәм уллары” фирмасы К.Г.Шрётер, И.А.Зильберманн, И.А.Штайн, И. К. Цумпе, А.Беккерс, С.Эрар, Ю.Блютнер, Дж.Бринсмид, Я.Беккер, Г.Лихтенталь, Шредер сыяқлы ойлап табыўшыларды бирлестирип заманагөй фортепиано моделин ислеп шығады. Концерт ҳәм камер роялының жаратылыўы өзгеше бир жаңалықлардан бири болды. Әсте-ақырынлық пенен Германия, Россия, Чехиядағы музыка фирмалары музыка сазының көринисин, бийиклигин, реңин, орта (үшинши) педаль қойылыўы сыяқлы өзгерислер менен фортепиано ҳәм роялларды ислеп шықты.

Фортепиано - жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынлары студент жасларының барлық қәнигеликлери ушын керекли саз әспабы болып есапланады.

**Фортепиано** (итальянша: *форте* - күшли ҳәм *пиано* - күшсиз, әстен) - роял фортепианоның улыўма атамасы болып есапланады, рояль көбинесе сахналарда атқарылады. Себеби, рояль қақпағы ашып қойылыўы есабынан, музыкалық сестиң қаттырақ шығып еситилиўине әҳмийетли.

XVIII әсир басында Б.Кристофори (Италия), Ж.Мариус (Франция) ҳәм К.Г.Шрётер (Германия) тәрепинен ойлап табылған. Кейин фортепиано механизми ҳәм формасы А.Штейн, И.А.Штрейхер (Австрия), А.Беккерс (Лондон), С.Эрар (Париж) ҳәм басқа усталар тәрепинен қурамаластырылған. Сес клавишларын басыў арқалы кийиз қапланған ағаш шөккишлер менен сым тарларға урыў нәтийжесинде пайда болады. Клавесин ҳәм клавикордтың динамикасы өзгериўшеңлиги (сәйкес, күшли фортеден әсте-ақырын пиано дәрежесине өтиў имканиятлары) менен парықланады (атамасы соннан келип шыққан). [2.]

Фортепиано ушын дәслепки шығармалар Вена классик ўәкиллери: И.Гайдн, В.А.Моцарт, Л.Бетховен ҳәм басқалар тәрепинен дөретилген. Фортепиано өзиниң атқарыў техникасы ҳәм көркемлик имканиятлары арқалы Европа көп даўыслы музыкасында тийкарғы жеке атқарыўшы ҳәм үндеўли (концертмейстер) саз сыпатында кең орын алған. И.С.Бахтың атағы ҳәм малика Шарлоттаның қызығыўшылығы фортепиано әсбабына жәмийеттеги орнын табыўға жәрдем берди.

XIX-XX әсирлер даўамында Европа ҳәм Шығыс Америкада да раўажланып барды. Бул раўажланыў фортепианоның әҳмийетин кең дәрежеде арттырды. Себеби, ҳәр қандай

шаңарақлар фортепиано әсбабын сатып алыў ҳәм бул сазда өзлери қатарында перзентлерин оқытыў имканиятларына ийе болды. Фортепиано сол қатарында басқа мәмлекет шөлкемлеринде кең тарқалды.

XVI-XVIII әсирлерде Европаның көплеген мәмлекетлеринде фортепиано көркем өнери жоқары дәрежеге көтерилген. Фортепиано атқарыўшылар дөретпелери тек ғана жоқары илимий тәжирийбеде емес, бәлким күшли оркестр концерт дәрежелеринде атқарып келген. [3.] Ҳәр бир миллеттиң материаллық раўажланыўы, қандайда бир дәўирге тийисли болыўына қарамастан, усы халықтың экономикалық, илим-пән, әдебият тараўларында ерискен жетискенликлери менен беккем байланыслы. Ҳәр бир халықтың руўхый раўажланыўы болса, бәринен бурын оның улыўма дүньялық мәдениятқа деген қосқан үлеси менен қәдирленеди. Әйне сол көз-қарастан өзбек, қарақалпақ ҳәм тағы басқа туўысқан халықлар, Орта Азия халықлары менен биргеликте, жәҳән илим-пәни ҳәм мәдениятының раўажланыўына үлес қосып келмекте. Классикалық музыка көркем өнери жүдә бай ҳәм көп жанрлы есапланады. Әлбетте, халықлардың үрп-әдетлерине тийкарланған музыкалық мәденияты турмыс тәризине айланған болып, турақлы даўам етип келген. Дүнья музыка саз әсбаплары арасында жүдә қолайлы, универсал ҳәм мүмкиншилиги бай музыка саз әсбабы - фортепиано болып табылады. «Соны жақсы түсинип алыў керек» - деп жазған еди Г.Г.Нейгауз, - музыканы ҳәм музыка саўатын үйрениў улыўма мәдений жумыс болып, бунда фортепиано ең жақсы, теңи жоқ қурал болып есапланады. Тилди, жәмийет ҳаққындағы пәнди, математика, тарийх, тәбияттаныў ҳәм басқаларды үйрениўде материаллық база ҳәм мәдения ҳәр бир инсан ушын мәжбүрий болып табылады. «Маған қалса, орта мектепте фортепиано арқалы мәжбүрий музыка тәлимин енгизер едим». [4.] Музыка саз әсбабын шертиў, бул жумысты, ҳәттеки балалар үйренип шерте билиўи де дөретиўшилик искерлик болып табылады. Ол атқарыўшыдан тек арнаўлы бир көнликпе илимий тәжирийбелерди емес, бәлким активликти, мақсетке умтылыўды, дыққат итибарлылықты ҳәм дөретиўшиликти талап етеди.

Музыка атқарыўшылығы балаларда бәркамаллыққа ерисиў, сулыўлықты түсинип жетиў қызығыўшылығын пайда етеди. Музыка шығармасындағы көркем образлар болса оларда эстетикалық сезимди өзлестиреди, оларға барлық инсаний кеширмелерин жақсылаў, түсиниўде жәрдем береди. Оқыўшылар ҳәр қыйлы музыка дөретпелери үстинде ислеўде арнаўлы бир дүньяға көз-қарасларында сәўлеленген турмыста жасаў мүмкиншилигине ийе болады. Сол кеширмелер менен бирге белгили руўхый-эстетикалық түсиниклер да пайда болады. Б.М.Тепловтың пикиринше-көркем тәрбияда яғный сонысы да зәрүрлиги, бир көркем өнердеги «жумыслар» көркем өнердиң басқа түрлериндеги көркем қәбилетлердиң қәлиплесиўине үлкен жәрдем бериўи мүмкин. Оқытыўшы ҳәм оқыўшыларды көркем билимлер қанша көп болса, олар ҳәр түрли, көркем өнер шығармасындағы образларды сонша толық ҳәм терең түсиниўлери ҳәм билиўлери мүмкин. Көркем өнер менен тиккелей әмелий шуғылланыўдың өзи де күтә үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе болады. Атқарып атырған образларға ҳәм олар арқалы ўақыялардағы ҳәдийселерге, сезим ҳәм кеширмелерге эстетикалық мүнәсибет, оқыўшыларды эстетикалық тәрбиялаўдың ең тиккелей ҳәм актив жолы болып табылады. Жоқары оқыў журтындағы тәлим ҳәм тәрбия, заман талапларға жууап беретуғын ҳәм әмелий искерликти баслаўдан-ақ, оның табыслы болыўын тәмийинлейтуғын сапаларға ийе болған қәнигелерди жетистириўи керек.

Тарийхқа нәзер тасласақ, фортепиано көркем өнери классицизм дәўиринде пайда болып, қәлиплесе баслаған ҳәм фортепиано әсбабы жаратылған. И.С.Бах ҳәм оның шәкиртлери клавир музыкасы ушын биринши үлгилерди жаратты. Гайдн, Моцарт, Бетховенлардың фортепиано атқарылыўы бул саз әсбабтың кең тарқалып барыўында зәрүрли орын тутты. Лондон ҳәм Вена мектеплери қәлиплести. Клементи ҳәм Гуммел атқарыўшылығының гүллениўи, өз гезегинде Париж мектеби де пайда болып, Калкбренер ҳәм Талберг дөретиўшилик үлгилери тарқалды. Соның менен бирге, Черни атқарыўшылық уқыбы мектеп қәлиплести ҳәм бүгинги күнде де бул үлгилер фортепиано атқарыўшылығының тийкарғы мектеби есапланады.

Романтизм дәўиринде де фортепиано атқарыўшылық өнери және де гүллене баслады. Австрия ҳәм Германия романтизмине Европаның барлық дөретиўшилери ерисе баслайды. Шуберт, Вебер, Мендельсон, Шуман сыяқлылардың фортепиано атқарыўшылығы мәденияты тарийхына айланды. Шопен ҳәм Лист - атқарыўшы ҳәм

педагог сыпатында дүньяға танылды. Олардың фортепиано атқарыўшылығынан үлгилер дүньяның ең шебер сазенделери репертуарларынан орын алды. Музыка оқытыўшысының қурамалы кәсиби бир неше музыка қәнигеликлерин өз ишине алады. Педагогикалық теорияны, тәжирийбелерди анализ ислемей, заманагөй оқытыўшы таярлаўдағы бар болған әмелиятты анализлемей ҳәм улыўмаластырмай, бул тараў оқытыўшысының көринисин терең сәўлелендирип болмайды.

Қәнигеге қойылатуғын талаплардың арнаўлы бир системасы сыпатында, болажақ музыка оқытыўшы инсанды қәлиплестириўдиң бағдарламасы ҳәм жолларын жетилистириў имканиятын береди. Жоқары оқыў орынлары, орта арнаўлы, музыка мектеп ҳәм улыўма билим бериў мектеплеринде музыка оқытыўшының тийкарғы мақсети - оқыўшыларды көркем ҳәм этика-эстетикалық тәрбиялаў, оларда музыка мәдениятын структурасын табыў арқалы инсан руўхый қәлиплестириўден ибарат есапланады. Сол себепли де музыка тәрбиясы жас әўладты уйқаслықта кәмал таптырыўдың зәрүрли факторы есапланады.

Музыка менен шуғылланыў көркем өнерди түсинип жетиў искерлиги болып, бир қатар факторларды өз ишине алады. Ол идеологиялық пикирди өзлестиреди, инсандағы қызығыўшылықлардың психологиялық мақсети ҳәм бағдарларын белгилейди, социаллық кейпиятты пайда етеди. Балалар музыканы түсиниўи ушын музыка тилиниң руўхый ҳәм форма жасаўы қәсийетлерин билиўлери, арнаўлы бир дәрежеде раўажланған музыкалық (сес бәлентлиги, тембри, музыканың гармониялық, динамикалық қәсийетлерин тусинип жетиў, лад ҳәм ритмди сезиў, музыканы еслеп қалыў) 6 қәбилетке музыканы түсиниў ҳәм атқарыўшылық илимий тәжирийбелерине ийе болыў жумыслары зәрүр. Музыка оқытыўшысының искерлиги тек музыка сабақлары өтиўи менен шегараланбайды. Оның ўазыйпасына музыка кешелери ҳәм таңлаўларды таярлаў ҳәм өткериў, материаллық саяхатлар шөлкемлестириў, музыка ҳәм театр тараўларыдағы жаңалықлар менен оқыўшыларды үзликсиз таныстырып барыў сыяқлы искерлик жумыслар киреди.

1. Тәлим-тәрбия процесиниң барлық бөлимлерин белгилеў: шөлкемлестирилген-мазмунлы жумыс (музыка бойынша тәлим ҳәм тәрбия жумысларын мазмунын таңлаў)

2. Тәлим - тәрбия процесинде оқытыўшының оқыўшылар менен байланысы, жәмийетшилик менен өз-ара бирлиги.

3. Тәлим-тәрбия процесиниң режесин әмелге асырыўға тийисли шөлкемлестирилген жумыслар (ўазыйпаларды анық баянлаў, оқыўшылар искерлигин ҳәм тәлим тәрбия процесиниң басқа формаларын шөлкемлестириў)

4. Ҳәр бир оқыўшының үзликсиз өсип барыўы ҳәм жәмәәттиң раўажланыўын алдыннан көре билиў, ул-қызларды улыўма (ҳәм де музыкалық) кәмал таптырыў ўазыйпаларын белгилеў ҳәм избе-из әмелге асырыў.

5. Оқыўшыларда жәмийетлик әҳмийетке ийе қәдириятлардың арнаўлы бир системасын, мүтәжлик, қызығыўшылық, көз-қарасты қәлиплестириўге, искерлик ҳәм дүньяға көз-қарасы.

6. Педагогикалық искерлик оқытыўшыдан төмендегилерди талап етеди:

а) оқыўшылардың қәбилетлерин музыкаға қызығыўшылықларын, музыкалық билимлерин, олардағы дөретиўшилик көнликпе ҳәм илимий тәжирийбелерди өзлестириўлери динамикасын үйрениў;

б) оқытыў усылларын үйрениў, нәтийжели усылларды ҳәм де оларды жетискенликлерин қолланыў шараятларын анық-лаў;

в) методик қолланбалар ҳәм изертлеўлерди үйрениў (оларды сын, анализлеў, баҳалаў);

г) өзиниң ҳәм басқа оқытыўшылардың унамлы ҳәм де унамсыз тәжирийбелерин анализ етиў, жумыстың нәтийжели усыллары ҳәм формаларын улыўмаластырыў ҳәм де олардан өз әмелиятында пайдаланыў;

д) үзликсиз түрде педагогикалық бақлаўлар ҳәм тәжирийбелер өткериў. Музыка оқытыўшыға зәрүр болған уқыпты, жетискенликлерди өзлестириў ушын оқытыўшылық, артистлик ҳәм музыкант қәбилетлери уйқаслықта болыўы зәрүр.

Дүнья музыка мәденияты ҳәм Өзбекстан, Қарақалпақстан музыка мәденияты, сол орында ең жетилискен тарийхый түбирлерине ийе болған халық музыкалары ҳәм де музыка билиминиң раўажланыўы, оның айырым тараўлары, жанрлары, музыканы тәлим-тәрбиялық тәреплери көрсетилген көплеген илимий изертлеўлерди көремиз. Әмелдеги тәлим системасының барлық буўынлары ушын сабақлықлардың жаңа формалары жаратылды ҳәм оларды үзликсиз түрде жетилистириў жумыслары избе-излик пенен даўам етип атыр.

Музыка тәлими процесинде халқымыздың миллий қәдириятлары, үрп-әдетлери, дәстүрлери, миллий музыка мийраслары ҳәм қосықларынан кең пайдаланыўымыз зәрүр. Жасларды этикалық ҳәм эстетикалық рухта тәрбиялаўда халық музыка мәдениятынан пайдаланыўымыз зәрүр екенлигин әне усының менен түсиндирме бериўимиз мүмкин, халық тарийхын ҳәрекетлендирийуши күш болып табылады, көркем өнердиң барлық түрлерин, сондай-ақ музыка көркем өнерин де тәмийинлейтуғын турмыстағы даналықтың, етикалық жанлы дереги болып табылады. Солай екен, музыка тәлиминиң жаңа принциплерин, сабақ усылларын ислеп шығыўда халық қосықларына айрықша итибар қаратыў керек. Биз Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда исленген дәслепки музыка сарайларын олардың усылларын, жағдайын үйрениў менен бир ўақыттың өзинде ғәрезсиз халқымыздың музыка тәлиминиң раўажланыўын үйрениўимиз және оны раўажландырыўдың жаңа усыл ҳәм қуралларынан үнемли пайдаланыўымыз керек деп ойлайман.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1. Воспитание пианиста в детской музыкальной школе / под ред. Б.Е. Милича. – К.: Мистецтво, 1964. – 220 с.
2. Милич Б. Воспитание ученика-пианиста в 5-7 классах ДМШ / Б. Милич. – К.: Музична Україна, 1982. – 86 с.
3. Щапов А.П. Фортепианный урок в музыкальной школе и училище / А.П. Щапов. – М.: Классика – XXI, 2001. – 176 с.
4. Маклыгин А.Л. Импровизируем на фортепиано. Фактурные рисунки: учеб. пособие для музыкальной школы / А.Л. Маклыгин. – М.: Престо, 1999. Вып. 2. – 32 с.



**РЕЗЮМЕ.** Фортепиано пәни сабақларында мектеп оқыўшыларының дөретиўшилик активлигин қәлиплестириў методлары, усыллары ҳәм формалары көрип шығылады. Әсбапта атқарыўшылықты үйрениўдиң дөретиўшилик процеси оқыўшылардың билим алыў қызығыўшылықлары ҳәм мүтәжликлерин есапқа алған ҳалда әмелге асырылыўы, жеке шахстың айрықшалығына, оның дөретиўшилик қәбилетлерине, атқарыўшылықтың техникалық көнликпелерин раўажландырыў дәрежесине, топланған атқарыўшылық тәжирийбесине, тезаурусына қарай моделлестирилиўи айтылады.

**РЕЗЮМЕ**. В статье рассматриваются методы, приёмы и формы формирования творческой активности школьников на уроках фортепиано в детской музыкальной школе. Подчёркивается, что творческий процесс обучения игре на инструменте осуществляется с учётом познавательных интересов и потребностей обучающихся, моделируется в зависимости от индивидуальности личности, её творческих способностей, уровня развития технических навыков игры, накопленного исполнительского опыта, тезауруса.

**SUMMARY.** The article discusses the methods, techniques and forms of the formation of creative activity in older scholchildren in piano lessons at a children’s music school. It is emphasized that the creative process of learning to play the instrument is carried out taking into account the cognitive interests and needs of students, is modeled depending on the personality of the person, her creative abilities, level of development of technical skills of the game, accumulated performing experience, thesaurus.